

**ЦАРД ДОНИ ХУЗÆН ЛЕДЗУЙ: КЕНÆ Æ ЗÆРОНД НАДМÆ, КЕНÆ БА – НÆУÆГ НÆДТÆМÆ!..**

***Лев ТОЛСТОЙ (1828-1910), финсæг: «Адæймаги хæццæ æнцон цæрæн æй, дæхе уомæй уæлдæр æма хуæздæрбæл ку нимайай, уæдта уой дæр дæхецæй уæлдæр æма хуæздæрбæл ку нæ нимайай айдагъдæр уæд… Раст над уæхæн æй: дæ разæй ка цардæй, уони гъуддæгутæ базонæ, балæдæрæ сæ æма идарддæр цо…»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№21 (990) 2025 анзи 6 июнь – хорхæтæни мæйæ

Аргъ 1 туман


## НÆ БАЛЦИЙ РÆСТВÆНДАГ ÆМА ЗÆРДРОХС КУД УÆН НÆ ЕУГУР ДÆР!..



***Ке зæрдæ ни нæ барохс уодзæнæй, аци дууæ сабийи куд цийнæйдзагæй æма æдасæй уайунцæ сæ велосипедтæбæл, уомæ кæсгæй. Ке зæрдæ ни нæ бæллуй, æ балций ранæхстæр уогæй цæмæй рæствæндаг уа, цæмæй æнæфидбилизæй æ къæсæрбæл нæуæгæй исæмбæла!.. Фал… Нæ нæдтæбæл цæуни æдасдзийнади фарста абони иссæй нæ нури цардарæзти тухстагдæр фарстатæн сæ сæйрагдæртæй еу. Уой фæдбæл æй, абони 3-аг фарсбæл ци æрмæг мухур кæнæн, е дæр.***

## С ПРАЗДНИКОМ!..



### МИРА ВСЕМ, ДОБРА И СЧАСТЬЯ!..

Дорогие жители нашей республики!

Братья и сестры!

Поздравляю Вас со знаменательным праздником Ид аль-Адха или Курбан-байрамом или, как говорят у нас в народе, Хъурмантæ!

Являющийся символом праздничных дней обряд жертвоприношения уходит своей историей во времена пророка Ибрахима (Авраама). Праздник олицетворяет собой покорность верующего Всевышнему, несет идеи Добра и Любви, взаимоуважения между людьми и народами, преданности своей Вере и благодаря свершению благих дел, приближению к своему Творцу и Создателю.

Мы молим Всевышнего о ниспослании мира, здоровья и благополучия нам всем!

Обращаемся к Нему с просьбой наполнить наши сердца любовью и состраданием к нашим близким и знакомым, к нашим соседям и землякам.

Молим Его о том, чтобы Он укрепил Веру в нас и одарил нас всех душевным покоем!

Молим Его о спокойствии и процветании в нашей стране, в каждом доме и каждой семье!

Пусть наши добрые начинания и благие дела будут успешными и принесут благо нам и нашей республике.

Мира Вам, милости Всевышнего и Его благословения!

* * *

*Курбан-байрам, один из самых досточтимых мусульманских праздников, в этом году начинается 6 июня и будет торжественно отмечаться в течение трех дней.*

*Посвященный этому знаменательному событию материал читайте на 4-й странице сегодняшнего номера нашей газеты.*

## КЪОСТА: «ДÆ КАДÆ МУГГАГМÆ ÆЙ ЦÆРУЙНАГ!..»



**ХЪАЗБЕГТИ Хъазбег**

## А.С. ПУШКИНИ ХУЗÆМÆ

Цæуй рæстæг æвæллайгæ,
Евуй фæлтæри фæлтæр…
Кæсис мæмæ, æдæуагæ,
Кæлуй де 'нгасæй цæхæр!

Хъумбул дзигко сау-сауидæй
Уиндæн æвдесуй æ конд.
Уарзон цæсгом сагъæсхуз æй.
Тæрних исхаста бæрзонд.

Кæсун дæмæ, нивæндун дин
Цæхæр зæрдæй дæ фæлгаст.
Зæгъун, мæ хор: «Дæ царди зин
Ке ниууадздзæй æнæ маст!»

Уинун уартæ дæ цæстити
Уазал догæ… Æфхуæрд цард.
Уинун уартæ дæ маргути…
Топпи гъæртæ… Тоги калд…

Æринцадтæ, гъо, баймир дæ!
Зæрдæ нирризтæй. Сау бон…
Сæуæхседтмæ, хорискастмæ
Адтæй дæуæн дæ фæндон!..

Лæдæрун дин дæ зæрдмæтъæл:
Нур дæ фæндуй зæрдбунæй
Æрцæйцæгъдун де 'ндон хæтæл
Нæ сæрбари идзулдæй.

Фал изди фат!.. Ци киндæ уа?
На! Нур дæр дæ нæ астæу!
Кæд зæнхи зилд æринцайа,
Уæд феронх уодзинан дæу!

Догæ цæуй æвæллайгæ
Размæ уæлдæрæй-уæлдæр!
Не 'рцæудзæнæй уæхæн догæ,
Кæд баминæг уа дæ гъæр!

* * *

***Номдзуд урусаг поэт Александр Пушкини кадæн аллианзон бæрæгбон бæрæггонд цæудзæнæй 6 июни – еци бон (нæуæг анзнимадмæ гæсгæ) 1799 анзи райгурдæй Мæскуй. Бæрæгбони фæдбæл æрмæг кæсетæ 8-аг фарсбæл.***

**Уæрæсей Бæгъатæр Тибилти Марат сæрмагонд æфсæддон операций архайгæй, æ цард иснивонд кодта Фидибæсти сæрбæлтау. Æностæмæ цитгинæй имисуйнаг нин уодзæнæй. Æрæгги ба æ рохс ном лæвæрд æрцудæй, Дæллаг Санибай кæми цардæй, еци гъæунгæн.**

## УСТУР ФИДИБÆСТОН ТУГЪД: НЕКЕ ÆЙ ИРОНХ, НЕЦИ ÆЙ ИРОНХ…



***Нæ зундгонд финсæг, публицист, аййевадон архайæг ТОКАТИ Инуси фурт Асæхи тугъдон имисуйнæгтæ ке мухур кæнæн, уомæн ес цалдæр ахсгиаг рæуаги. Нæ Цитгин Уæлахезбæл исæнхæст æй цуппаринсæй анзи; аци анз Уæрæсей нимад цæуй Фидибæстæ гъæуайгæнæги Анзбæл. Аци нисанеуæггин гъуддæгутæмæ комкоммæ барæ даруй Токай-фурт дæр – Устур Фидибæстон тугъди архайæг, е удуæлдайæй фæттох кодта немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ, хуарзæнхæгонд æрцудæй цалдæр тугъдон хуæрзеуæгемæй. Уæдта аци анз Токай-фуртæн æй юбилейон – æ райгурдбæл 10 майи исæнхæст æй финддæс æма фондзинсæй анзи (1910-1994). Уой фæдбæл мухургонд æрцудæнцæ хецæн æрмæгутæ на газети 18-аг номери. Абони ин ци имисуйнæгтæ мухур кæнæн, етæ ба, махмæ гæсгæ, зæрдагайгæ 'нцæ, куд тугъдон хабæрттæ æхе цæститæй фæуунæг адæймаги æвдесæйнæгтæ.***

# «УÆДТА РАЙДÆДТА ТУГЪД…»





Хестæр фæлтæри адæм сæ царди хабæрттæ ку фæккæнунцæ, уæд сæ радзубандити еу афони ба æнæ зæгъгæ нæ фæуунцæ, уæдта, дан, тугъд райдæдта, зæгъгæ. Уотæ радех кæнунцæ сæ ирисхъæ: раздæр – амондгун бæнттæ, сабур фæллойнæ, уалдзæг, дедентутæ, зæрдæмæдзæугæ хабæрттæ æма цаутæ, фиццаг уарзт, бийнонти амонд… Уой фæсте ба – тугъди фудæвзарæнтæ, æгæрон гъезæмæрттæ…

Æз уин идæрдтæбæл нæ фæдздзордзæнæн мæ раздæри царди тухxæй. Адтæн архайæг тæккæ сабурдæр дæснийади – Цæгат Иристони драмон театри артист. Некæд службæ кодтон æфсади. Еунæг хатт мæмæ æфсæддон комиссарадæмæ фæдздзурдтонцæ циуавæрдæр къамисмæ, цæмæйдæрти мæ рафæрститæ кодтонцæ æма рацудтæн. Уой фæсте куд балæдæрдтæн, уотемæй мин уæд равардтонцæ астæуккаг афицери цин.

Уæдта райдæдта тугъд…

Уæд гастролти адтан Хумæллæги. Фæстæмæ нин здæхгæ рауадæй Дзæуæгигъæумæ.

Мæ фæдздзурди гæгъæди ма нур дæр махемæ 'й. 1941 анзи 9 августи цæттæй адтæн æфсæддон комиссаради; мæ хæццæ – аййевади косæндæнтти фæсевæдæй цалдæр. Рарвистонцæ нæ Дзæуæгигъæуи бастдзийнади училищемæ. ОВУС – уотæ 'й худтонцæ. Нуртæккæ Хуæнхон гъæуунхæдзарадон институти бæстихæйттæ кæми 'нцæ, еци рауæн адтæй æ бунат. Гъæуама цубур рæстæгмæ исахур кодтайанæ æфсæддон бастдзийнади дæснийадæ.

Училищей, сахари гарнизони æма нæ къурсити хецау адтæй бастдзийнади æфсæдти инæлар-майор Аркадий Сергейи фурт Яковлев, æ хуæдæййевгутæ – дæлболкъон Соломахин æма Церин. Уогæ инæлармæ рæхги фæдздзурдтонцæ æ уæлдæр разамонгутæ æма 'й иснисан кодтонцæ 56-аг æфсади бастдзийнади хецауæй.

Дууæ мæйемæй минкъий фулдæр рахаста нæ ахур. Тугъди уавæрти бастдзийнадæ аразуни гъуддæгутæ цубур рæстæгмæ базонæн цæйбæрцæ адтæй, уоййасæ сæ базудтан, бакодтонцæ нæбæл лейтенанти нисантæ, æма – тохæг æфсадмæ.

Уотемæй 20 октябри исмедæг ан сахар Георгиевски. Уоми æмбурд кодтонцæ 56-аг æфсади бастдзийнади полк. Исæвардтонцæ мæ полкки бодистти взводи командирæй. (Адтæй, «Бодо», зæгъгæ, уæхæн телеграфон аппарат: æз æй уæди уæнгæ уингæ дæр некæд фæккодтон). Уæхæн взвод нæ разиндтæй полкки, æма мæ уæд рарвистонцæ 22-аг полкмæ. Исдæн 1002-аг телеграфон-арæзтадон хецæн роти взводтæй еуей командир. Ротæ адтæй бастдзийнади хецауи хуæдæййевæг В.Д. Церини дæлбарæ. Нæ ихæс – цæмæйдæриддæр телеграфон æма телефонæй бастдзийнадæ аразун. Роти командирæй нæмæ 'рбарвистонцæ капитан Варпетяни.

Бæхтæй уæлдай, хуæдтолгитæ нæ адтæй нæ бæрни. Равардтонцæ мин фиццаг ихæс – роти еугур техникæ, транспорт æма адæми вагæнттæмæ бакæнун. Еци гъуддаг рахецæн æй сахатмæ. 20 ноябри æхсæвæ рараст ан фронти 'рдæмæ. Знаг лæудтæй Ростовмæ бацæуæнти.

Дуккаг бон изæрæй – Батайск. Идарддæр цæуæн нæбал ес, зæгъгæ, нæ бауорæдтонцæ. Ци хабар æй? Минкъий фæстæдæр базудтан: знаг байахæста Ростов. Цубур рæстæгмæ бал байзадан сахари. Мæ взвод æрæнцадæй Батайски цæгатнигулæн хайии кæройнаг гъæунгтæй еуеми. Е адтæй 1941 анзи 21ноябри. Идардæй нæмæ зиндтæй содзгæ сахар Ростов. Пеллон уагътонцæ скълæдтæ, порти арæзтæдтæ, хæдзæрттæ… Бæрзонд рауæни уæлдай бæрæг дардта иуазæгдонæ «Дон». Хъæбæр идардмæ зиндтæй æ арт. Мæтъæлæй, æнæдзоргæй лæудтæн ме 'фсæддон къуари хæццæ æма зæрдристæй кастан, Цæгат Кавкази раздæри сæйраг сахар рæсугъд Ростови куд сугъдæй, уомæ.

Нæ фæллад нæма иссудæй, уотæ – нæуæг бардзурд: рацотæ станцæ Каялмæ (станицæ Самарская). Фестæгæй. Адтæй хъæбæр уазал, мет, думгæ… Æрхъæрттан. Фондз боней фæсте бабæй нæуæгæй рараст ан Ростови 'рдæмæ. 26 ноябри устур нимпурсти фæсте не 'фсад бацудæй Ростовмæ. 27 ноябри сæумæмæ ма си ефстаг рауæнти райзадæнцæ знæгти хецæн къуæрттæ æма сæ не 'фсæддонтæ кунæг кодтонцæ, цудæй ма си тугъд.

Еци сæумæ æз дæр мæ взводи хæццæ рараст дæн сахари 'рдæмæ. Надбæл нæ 'рбаййафта æхгæд хуæдтолгæ – полуторкæ. Бадтæй си Ростови кинохроники студий кинооператор Хъаирти Аслан. Е дæр нæ размæмпурсæг хæйтти фæсте цудæй Ростовмæ тугъди цаутæ исесунмæ. Нæкæси, Уæлахези фæсте Нюрнберги тæрхони рæстæг, фашистон сæркъуæрти зулунгæнгæй, æвдист цудæнцæ Аслани ист кадртæ дæр. *(Редакцийæй. Хъаирти Аслан ка адтæй æма куд рауадæй æ ирисхъæ, уой исбæлвурд кæнунбæл байархайдзинан, æма нин ести базонун ку бантæса, уæд уой тухxæй бацæттæ кæндзинан хецæн æрмæг).*

Цæугæдон Дони галеу билгæронмæ бахъæрттан дæс сахаттебæл. Ирд бон. Цæстæ хуарз уидта, Дони уæлцъарæ куд нииййех æй æма куд æрттивта айдæни хузæн. Знаги идардмæхсæг дзармадзанти нæмгутæ ма хаудтæнцæ ардæмæ. Хуæдтæхгутæ ба уæларвæй ехуарæгау калдтонцæ сæ бомбитæ. Бомбæ ехи ранихъулидæ, фехæлидæ дони буни æма арвмæ ех æма дони пурхæнтæ истæхиуонцæ. Мах нæхе размæ гæлстан æма æнæзианæй байервазтан рахес билгæронмæ. Нæ тæккæ размæ фæцæй зæрдæунгæгкæнæн нивæ. Сугъд скълади даргъ горени рæбун лæудтæнцæ финддæс лæхъуæни мардæй. Уацайраг сурхæфсæддонти немуц уордæмæ ракодтонцæ æма сæ фехстонцæ. Адæймаги уаги дæр æма тугъди цийфæнди æгъатир æгъдауи дæр некæддæр адтæй е, æма æнæгæрзефтонг уацайрæгти фехсонцæ. Махæй никкидæр баруагæс æй, цæйбæрцæбæл æвæрхъау æй знаг. Нæ маст никки хъæбæрдæр исирадæй.

Билгæронæй хæрдмæ иссудан ædзард гъæунгти. Идардæй нæмæ игъустæнцæ топпити æма хуæдæхсгити къæр-къæр, гранатти исрæмугъд æма дзармадзанти нæрун. Бæрæ хæдзæрттæ ниффунук æнцæ, беретæ ма си сугъдæнцæ нерæнгæ дæр ма. Пурхæ техникæ. Мæрдтæ… Алли рауæн дæр мæрдтæ – немуц, махонтæ, Ростови цæргутæ. Фашисттæ æдеугурæй фондз бонемæй уæлдай нæ фæцæнцæ ами, фал син хъæбæр берæ фудмиутæ бантæстæй исаразун. Цауæн кодтонцæ коммунисттæбæл, фæскомцæдесонтæбæл, советон активисттæбæл. Ке æрахæссиуонцæ, уони еци фæдбæл æхстонцæ хæдзæрттæмæ бацæуæнти, гъæунгти. Ниццагътонцæ сæдæгæйтти.

Фæтæн гъæунги хæрдмæ ку иссудан, уæд æзмæлæг некæцæй зиндтæй. Взвод æрлæууун кодтон рæнгъæй, фæдздзурдтон нæ зарæг лæхъуæн Горячевмæ:

– Цæй, исесæ 'й!..

Е низзардта, уæдта – æфсæддонтæ æнæгъæнæ взводæй. Цалдæр къахдзæфемæй уæлдай нæ ракодтан, уотæ къæрæзгитæ æма дуæрттæ фегон æнцæ, фæззиндтæнцæ уоститæ, зæронд лæгти цæсгæнттæ, кæцæйдæр дуæртти бунтæй рауадæнцæ сувæллæнттæ. Ка нин тамакути пачкæ лæвардта, ка ци.

– Нæхеуæнттæ!..

– Нæхеуæнттæ фæззиндтæнцæ!..

– Уæ нæ ервæзунгæнгутæ!.. Уæ рунтæ уин рахуæрæн!..

Взводæн размæ цæуæн нæбал адтæй, æрлæудтан. Æфсæддонтæн равардтон, адæм син ци сали кæрститæ æма æндæр цидæртæ лæвардтонцæ, уони райсуни барæ дæр. Кенæдта цийнæгæнæг ростовæгтæн зин адтайдæ æма уони зæрдихудти бацæуун нæ нæ фæндадтæй…

Нуртæккæ, уал æма уал анзей фæсте, зин æй, еугур еци хабæрттæ бæлвурдæй зæрдæбæл æрлæууун кæнун. Еци уорæд бæнтти, тугъди райдæни бонуги нæ финстон: уобæл нæ адтæн, уæдта мин уомæн амал дæр нæ адтæй. Финсун æй райдæдтон фæстæдæр, Ростов райсгæй, анзи 'рдæгæй фулдæр махæн Ростовæй Таганроги астæу гъæуайгæнæн федæрттæ бадгæ ку рауадæй, уæд. Фæббæрæг кодтон уац, æ рауæн æма кæци бон адтæй, уой. Уæдæй фæстæмæ некæдбал ниууагътон еци æгъдау, финстон блиндажти, нæмгутæ æма бомбити скъотмæ, надбæл мæ фæллад уадзгæй, æдæхсæвæ-æдæбон. Берæ, хъæбæр берæ къæрандасæй финст тетрæдтæ мæмæ æрæмбурд æй, æнæгъæнæй мин райервазтæнцæ тугъди будурæй. Ахид сæ райсун, æма уæд евгъуд бæнттæ цардæгасæй исистунцæ мæ рази. Аци цубур имисуйнæгтæ финсгæй дæр зæронд тетрæдтæ 'нцæ мæ рази…

***Уодзæнæй ма.***

**Зундгонд революцион æма паддзахадон архайæг Борухъуати Хъаурбеги фурт Хъазбеги райгурдбæл æнхæст кæнуй финддæс æма æхсæзинсæй анзи (1890-1931).**

***«Чикола-Мæцутæ-Коми-арт», зæгъгæ, надбæл цæун зингæ æдасдæр фæуыодзæнæй Дигоргоми бæрзонд рауæнтæмæ цæуæг бæлццæнттæн. Коммæ тæккæ бацæуæни 125-метрон тъунел бундорон райарæзти фæсте æрæги нæуæгæй байгон æй. Æнхæст æй нуриккон домæнтæмæ гæсгæ алцæмæйдæр.***







# ФИДБИЛИЗ КÆЦÆЙ БА НÆ ФЕЛВÆСУЙ…

Теуа æма хæрæг косунгъон, дан, нæбал адтæнцæ æма сæ сæ хецау ратардта æ тургъæй. Етæ дæр ма ци кодтайуонцæ – æмцæдесонтæ иссæнцæ, хизтæнцæ еу сакъадахи ауони. Хæрæг уайтæккæдæр иснард æй. Æма дин еухатт е 'мбалæн ку зæгъидæ:

– Теуа, уасун мæмæ цæуй!..

– Дæ хуарзæнхæй, ма ниууасæ! Еске нæ базондзæнæй æма бабæй нæ саугустбæл бафтаудзæнæй, гъезæмарæй нæ рамардзæнæй.

Хæрæг имæ нæ байгъуста – æ гъæлæсидзаг ниддæлæлай кодта:

– И-о-о!.. И-о-о!..

Æ еци гъæр ин ку райгъосидæ еу лæг, райахæста сæ дууей дæр æма сæбæл æхецæн косун райдæдта. Еууæхæни сæбæл лæг уæргътæ исæвардта. Надбæл хæрæг бустæги æрфæлладæй. Хецау ин æ уаргъ теуабæл исæвардта. Æфцæги сæрмæ ку исхъæрттæнцæ, уæд теуа загъта:

– Хæрæг, мæнмæ ба нур кафун цæуй!..

– Цитæ кæнис, теуа. Хуцаумæ искæсæ!.. Аци нарæг рауæни фезмæлæн дæр ку нæййес æма мæ бæлахи æфтауис – ардигæй фæттæхдзæнæн æма мин ме 'стæгутæ халон дæр нæбал иссердзæнæй!..

Теуа уæддæр искафта, æма зæронд хæрæг билæй ратахтæй…

## НÆ ЕУМÆЙАГ ÆДАСДЗИЙНАДÆ НÆХЕЦÆЙ АРАЗГÆ ÆЙ

Аци таурæхъ хумæтæги нæ æримистан. Ке кой си цæуй, еци теуа æма хæрæги хузæн хецмæрез уæмæ нæ кæсунцæ нæдтæбæл цæуни æдасдзийнади домæнтæ нимади дæр кæмæ нæ 'нцæ æма хеваст миутæ кæнгæй æхе ка даруй, етæ? Уæхæнттæ ба нæмæ æгæр берæ иссæнцæ. Етæ сæ хецмæрездзийнади фудæй сæхе дæр бастъалунцæ æма кедæрти дæр ма бабун кæнунцæ.

… Транспортон фæрæзнæй пайда кæнуни барти æвдесæндар ист кæмæн адтæй, еци лæг уæддæр сæумицъæхæй фæннæхстæр æй æ хуæдтолгæбæл, уой дæр ниуæзтгунæй. Уотемæй æй уотæ карз æскъардта, æма еу рауæн нæбал исарæхстæй, надæй фæййеуварс æй, хуæдтолгæ бардюрбæл æхе искъуæрдта æма сæрбехъулæнттæ кæнгæй фæттахтæй фæснадмæ… Автоинспекций косгутæ æма иннæ фæдесонтæ лæги мардæй иссирдтонцæ еци рауæнæй дæс æма дууинсæй метри идарддæри, никки идарддæри ба ма иссирдтонцæ, хуæдтолги ма ка бадтæй, еци силгоймаги мардæй.

… Еу хуæдтолгæ, æхе нади хаййæй иннæ хаймæ рахезгæй, комкоммæ искъуæрдта æндæр хуæдтолгæбæл. Уой фудæй фæммард æнцæ фондз адæймаги, дууемæй ба си уæззау гъигæдард æрцудæнцæ…

Идарддæр нæбал нимайдзинан ауæхæн цаутæ, уомæн æма æгæр исахид æнцæ нæ республики нæдтæбæл уæззау транспортон æверхъаудзийнæдтæ. Фулдæрæй-фулдæр хæттити азумгин фæууй адæймаг, транспортон фæрæзнитæ æскъæргутæ алкæд, куд гъæуй, уотæ ке не 'нхæст кæнунцæ нæдтæбæл цæуни æдасдзийнади æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг домæнтæ, сæхе дарунцæ, уони куд фæндуй, айдагъдæр уотæ.

Аци æма æндæр сагъæссаг фарстати фæдбæл адтæй нæ республики паддзахадон автомобилон инспекций управлений хецау, пъæлици болкъон **Александр Шалагини** дзубанди журналистти хæццæ фембæлди рæстæг.

Куд фегъосун кодта, уотемæй 2025 анзи цуппар мæйемæ нæ республики æрцудæй 248 фæндаггон фидбилизи, фæццæф æнцæ 366 адæймаги, гъулæггагæн, 15 адæймаги фæммард æй. Евгъуд анзи аци мæйти хæццæ рабаргæй, 4,6 проценти сæ нимæдзæ фæффулдæр æй. Анхосæгтæ ба 'нцæ, фиццагидæр, ниуæзтгунæй ка æскъæруй хуæдтолгæ – 23 фидбилизи, уони фудæй фæммард æй фондз, гъигæдард баййафтонцæ 30 адæймаги. Æ нихмæцæуæг надмæ рахезгæй, фидбилизи бахаудтæнцæ 17 шофери, уони фудæй фæммард æй – фондз, фæццæф æй 37 адæймаги.

Æ дзубандимæ гæсгæ, айдагъдæр еумæйаг хъауритæй ес уавæр фæххуæздæргæнæн:

– Гъæуама адæм кудфæнди цæстæ ма кæсонцæ, ниуæзтгун шофер, бонигон уа, кенæ æхсæвигон, гъæунгти ку тæха, уомæ. Фегъосун кæнетæ паддзахадон автоинспекцимæ телефонæй, уомæй нин устур агъаз бакæндзинайтæ, кæмæндæр ба æ цард, е 'нæнездзийнадæ багъæуай кæндзинайтæ.



Александр ШАЛАГИН

Статистики бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, фидбилизи бахаунцæ сувæллæнттæ. Цуппар мæйемæ ци 45 фæндаггон фидбилизи æрцудæй, уоми 51 сувæллони фæццæф æнцæ, уонæй еуетæ 'нцæ пассажиртæ, иннетæ – фестæгæй цæугутæ, нади сæрти кæми не 'нгъезуй, уæхæн рауæн тæхгæй, 11 сувæллонеи машинæ искъуæрдта.

Управлений хецау куд фегъосун кодта, уотемæй Алагири, Æрæдони æма Рахесфарси районти тæккæ фулдæр цæуй нæдтæбæл фидбилизтæ. Уой дæр еци-еу хецмæрез миути фудæй – хуæдтолгæ æгæр тагъд æскъæрун, ниуæзтгунæй хуæдтолгæй пайда кæнун, æдасдзийнади ронæй нæ пайда кæнун æма æндæртæ.

Еумæ райсгæй, анзи цуппар мæйемæ паддзахадон автоинспекци исбæрæг кодта, нæдтæбæл æдасæй цæуни фæткæвæрд фехæлди 270280 цауи. Закъони нихмæ ка рацудæй, етæ иваргонд æрцудæнцæ 210 миллион сомей бæрцæ.

Пресс-конференций хецæн дзубанди цудæй шофертæн национ æвдесæндарти рæстæг раидарддæр кæнунбæл. Уæрæсей Президенти унаффæй Хонсар Иристон æма Абхази бæрнон оргæнти лæвæрд æвдесæндартæ фадуат дæттунцæ сæ пайда кæнуни рæстæг 2026 анзи 1 апърелмæ раидард кæнунæн.

Цæгат Иристони паддзахадон автоинспекций æдасдзийнади ронæй пайда кæнуй шофертæн айдагъдæр сæ 10-15 проценти, уотемæй ба цард æма æнæнездзийнадæ багъæуай кæнунæн е æй агъазиау фæрæзнæ. 31 майæй фæстæмæ, дæс боней дæргъи цæудзæнæй сæрмагонд оперативон-профилактикон мадзал. Бæрæг кæндзæнæнцæ шофер, уæдта æ хæццæ ци бæлццæнттæ уа, уæлдайдæр ба сувæллæнттæ, етæ æдасдзийнади ронæй баст æнцæ æви нæ, уой.

Александ Шалагин куд фегъосун кодта, уотемæй аци бæнтти паддзахадон инспектортæ, тæрхондони пъиристæфти служби хæццæ, архайдзæнæнцæ, «Должник», зæгъгæ, профилактикон мадзали. Сæрмагонд информацион базитæмæ гæсгæ уорамдзæнæнцæ, административон ихæстæ хевастæй ка нæ федуй, паддзахадон инспекций размæ ихæсгин ка 'й, уони.

Ахсгиаг фарста – кæстæрти нæдтæбæл цæуни æдасдзийнади домæнтæ æнхæст кæнунбæл ахур кæнуни гъомбæладон куст аразун. Æма А. Шалагин куд фегъосун кодта, уотемæй уой туххæй ахуради Министради хæццæ еумæ идарддæр дæр ке араздзæнæнцæ профилактикон фембæлдтитæ скъоладзаути хæццæ ахуртæ, конкурстæ æма æндæр мадзæлттæ.

## АДЗАЛÆН УÆДДÆР ЕСТИ МАДЗАЛ ЕС?..

Нæдтæбæл цæуни æдасдзийнадæ хъæбæр сагъæссаг æй айдагъ Уæрæсей нæ, фал ма дуйней еугур паддзахæдти хуæдтолгитæй кæми пайда кæнунцæ, уонæн сæ еугуреми дæр. Еци гъуддаги уавæр фæррæвдзæдæр кæнуни фæдбæл си алкæми дæр цидæр мадзæлттæ дæр бæргæ арæзт цæуй.

Зæгъæн, Таиланди. Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади Еугурдуйнеуон организаций бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, аци бæстæ фиццаг бунат ахæссуй нæдтæбæл транспортон фæрæзнитæ æскъæргути фудæй фулдæр адæм кæми фæммард æй, уони нимæдзи. Тæккæ уæззаудæр уавæр исæвзуруй таййаг Нæуæг анзи æма фестиваль «Дони пурхæнти» рæстæг (бæрæггонд цæуй 13-15 апърели). Еци рæстæг фæд-фæди ци гъазтизæртæ арæзт фæццæуй, уонæми карз ниуæзтæ дони хузæн ивулуй. Статистикæмæ гæсгæ, нæуæгганзон бæрæгбæнтти рæстæг, алли сахатти рæстæги дæр æрцудæй аваритæ, кæцитæми фæммард уй дууæ адæймагемæй фулдæр, сæдæ æма æртинсæй адæймаги ба си уæззау цæфтæ фæуунцæ.

Бунæттон хецауади бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, берæ хæттити бæргæ æвзурстонцæ нæдтæбæл æгъдауихалгути нихмæ аллихузи мадзæлттæ аразун, фал фæстагмæ 'рлæудтæнцæ, мæнæ ци æнахур мадзали кой ракæнуйнаг ан, уобæл.

Таиланд иссæй фиццаг паддзахадæ, кæцими федералон æмвæзадæбæл ист æрцудæй закъон, кæцимæ гæсгæ ниуæзтгун шофертæй нæдтæбæл адзал ке фудæй æрцудæй, уони бæлахæй ка фæммард æй, етæ ци мæрддони уонцæ, уордæмæ гъæуама конд цæуонцæ, цæмæй сæхе цæститæй фæууинонцæ сæ фудракæндæ. Еуетæн фагæ 'й, сæ хузæн ниуæзтæ уарзгути фудæй нæдтæбæл аварити ка фæммард æй, айдагъддæр еци тæрегъæдтæгти син бавдесун. Фал барадæ гъæуайгæнгутæ цалдæр хатти ниуæзтгунæй хуæдтолгæй пайда кæнгæй ке æрахæстонцæ, уони къохти ба ниссадзунцæ хæцъелтæ æма донæй идзаг къибилатæ, æма сæ рарветунцæ моргмæ, цæмæй кæдзос кæнонцæ, мæрдтæ ци стъолтæбæл фæуунцæ, уони, уæдта сæрмагонд уæрдунтæ.

Таиланди хецауадæ куд зæгъунцæ, уотемæй, аци карз мадзали нисанеуæг æй, цæмæй шофертæ уонцæ лæмбунæг, ниуæзтгунæй рульмæ ма 'вналонцæ, сæ хуæдтолгитæ æнахъæл æскъæрд ма кæнонцæ. Еци æгъдæуттæ ку ихалонцæ, уæдта, æнæмæнгæ, равзурдзæнæнцæ морги. Куд нимад цæуй, уотемæй аци мадзали фæрци, нæдтæбæл æгъдауихалгути нимæдзæ дзæвгарæ фæмминкъийдæр уодзæнæй.

Аци мадзалæй ма пайда кодтонцæ Америки Еугонд Штатти дæр. Зæгъæн, евгъуд æноси 1980-аг æнзтæй нури уæнгæ цалдæр штаттеми тæрхондони унаффæмæ гæсгæ азумгинтæ æхсæнадон куститæ æнхæст кæнунмæ ахид æрветунцæ моргтæмæ. Фал, бæрæггæнæнтæ куд амонунцæ, уотемæй уонæн сæ инсæй проценти, еуцæйбæрцæдæр рæстæги фæсте нæуæгæй бахаунцæ барадæ гъæуайгæнгути къохтæмæ.

***Æрмæг бацæттæ кодта***
***ХЕКЪИЛАТИ Маринæ***

**Архивти Æхсæндуйнеуон бон бæрæггонд цæудзæнæй 9 июни. Зæрдиагæй арфæ кæнæн нæ республики еугур косгутæн дæр сæ бæрæгбони фæдбæл.**

*Цитгин хадистæй еуеми уотæ загъд ес: «Хуарздзийнадæ дин ка ракæна, айдагъдæр уомæн цæмæн аразис хуарздзийнадæ, æма хуарз зæрдихатт цæмæн дарис, хуарз цæстингасæй дæмæ ка ракæсуй, айдагъдæр уонæмæ? Цæмæн дзоретæ, дæ хæццæ ка дзоруй, айдагъдæр уони хæццæ? Цæмæн кæнетæ кадæ, уæхе уин ка цитгин кæнуй, айдагъдæр уонæн? Еунæгемæн дæр уи нæйиес æхе иннетæй уæлиаудæр кæнуни барæ!*

# ХЪУРМАНТИ БÆРÆГБОН НИН НÆ УОДИГЪÆДÆ ФЕДАРДÆР КÆНУЙ!..



***Пусулмæнттæн сæ цитгиндæр бæрæгбæнттæ 'нцæ Комуадзæн (араббагау æй хонунцæ Ид аль-Фитр; тюркагау ба Ураза-байрам) æма Хъурмантæ (араббагау æй хонунцæ Ид аль-Адха, тюркагау ба – Курбан-байрам). Фиццаг бæрæгбон, Комуадзæн, пусулмæнттæ исбæрæг кодтонцæ æрæги (райдæдта 30 мартъий), нур ба ралæудтæй иннæ бæрæгбон, Хъурманти кезу. Райдайдзæнæй 6 июни æма бæрæггонд цæудзæнæй æртæ боней дæргъи.***



***Бæрæггонд цæуй куд нивондæрхæссуйнади Бон. Ралæууй пусулмон къæлиндари дууадæсæймаг мæйæ зуль-хиджи 10-аг бон. Уæрæсей официалон æгъдауæй ци еумæйаг граждайнаг къæлиндарæй пайдагонд цæуй, уомæ гæсгæ ба Хъурманти райдайæн алли анз дæр фæууй æндæр рæстæги, уомæн æма пусулмон æма еци къæлиндари еуæй-еу мæйти бæнтти бæрцæ фæйнæхузи æй. Уомæ гæсгæ аци анз Хъурманти райдайæн хауй 6 июньмæ.***

Хъурмантæн сæ нисанеуæг æма сæ медес ци 'й, уобæл дзоргæй æнæмæнгæ зонун гъæуй, кæд æма кутемæй фæззиндтæй аци бæрæгбон, уой. Æ райгурци бундор æй хъæбæр идард евгъуд дзаманти, Хуцауæй æрвист лæгтæй еу, Ибрахими (Авраами) пахампардзийнади доги.

Цæветтонгæ, нæ Исфæлдесæг Ибрагимæй куд байагурдта, уомæ гæсгæ нивондæн гъæуама æрхастайдæ æ хестæр фурт Исмаили, кæци ин райгурдæй æ номбæлуосæ Хаджарæй. Игургæ ба ракодта æдзæрæг рауæни, æма мæгур силгоймаг ци рауæни равзурдæй, уоми уавæртæ уоййасæбæл æдзæллаг адтæнцæ, æма мадæ æ дзедзедай сувæллони хæццæ фуртухстæй ма ци кодтайдæ, уой нæбал зудта. Мæ минкъий фуртæн уæддæр дони хъурт иссерон, зæгъгæ, силгоймаг, кæд хъæбæр исæнæхъаурæ æй, уæддæр Сафа æма Марва, зæгъгæ, еци уобæутти рæбунти авд хатти ку æррауайæ-бауайæ кодта, уæд æнай-æнойти рауидта: æ сувæллон кæми ниууагъта, уоми уой хуæрзрæбун зæнхæй ниццавта сауæдонæ – кæций исхондзæнæнцæ Зæмзæм. Е дессаг куд нæ адтайдæ!.. Иннæ дессаг ба, е æй, æма, Зæмзæми дон разиндтæй уоди хуасæ: адæймаг си æфсес балæдæруй хуæруйнагæй æфсеси хузæн, агъаз кæнуй берæ аллихузон нездæй исдзæбæх унæн.

Исмаил ку райрæзтæй, уæд Ибрахим æ фуни фæууидта, Хуцау си ке домуй, цæмæй æ фурт Исмаили нивондæн æрхæсса. Фидæ куд нæ батухстайдæ: æнгъæл берæ кæмæ фæккастæй, берæ ке уарзта, æ еци фиццаг фурти 'й багъудæй нивондæн æрхæссун... Фурт æ фиди тухст куд нæ балæдæрдтайдæ æма, унаффæ рахæссун ин цæмæй фенцондæр адтайдæ, уомæ гæсгæ ин уотæ загъта:

– Хуцауи фæндæ куд æй, уотæ 'й бакæнæ…

Хуцауи размæ æргомзæрдæ æма коммæгæс уогæй, Исмаил æхуæдæг дæр æма æ фидæ дæр уобæл исарази 'нцæ. «Æма сæ дууæ дæр ку исарази æнцæ æма е ку æрæвардта (æ фурти) æ фарсбæл, уæд Мах имæ исдзурдтан...» (сурæ 37 «Æмрæнгъитæ ислæугæй», аят 104).

Еци лæгæвзарæнæн Ибрагим æма Исмаил ке бафæраздтонцæ, æцæгæй æууæнкгун ке разиндтæнцæ, уомæ гæсгæ Хуцау æ раздæри фæндæ раййивта æма фидæн барæ равардта, цæмæй æ фурти бæсти нивондæн æрхæсса фус. Уомæ гæсгæ нивондхæссуйнади Бон нимад цæуй куд Хуцауи æцæгæй нимайундзийнади, уомæн табу кæнуни нисанеуæги бон. Цитгин Хъурани загъд ес: «Ковæ дæ Хуцаумæ (бæрæгбони намаз кæнгæй) æма æрхæссæ нивонд (нивондаг)».

Бæрæгбон бæрæг кæнун райдайунцæ сæумæраги. Пусулмæнттæ, сæ бауæр æнæгъæнæй дæр искæдзос кæнгæй, нæуæг кенæ федауцæ дарæс искæнгæй, рараст унцæ мæзгитмæ æма уоми еумæйагæй намаз кæнунцæ, кæсунцæ Хъуран, игъосунцæ имам-хатиби динамундтитæмæ (хутбу), кæцитими кадæ кæнунцæ Хуцауæн, дзубанди си фæццæуй нивондæрхæссуйнади æгъдауи равзурд æма уой ахедундзийнади туххæй. Дзубанди ма си фæццæуй, цæмæй алли адæймаг дæр архайа, зæнхæбæл царди сабурдзийнадæ æма хæлардзийнадæ, кæрæдзей нимайун æма уарзундзийнадæ ниффедар кæнунбæл.

Бæрæгбони намази фæсте райдайунцæ нивондæрхæссуйнади æгъдау æнхæст кæнун. Уотæ нимад цæуй, æма нивондæн ци фиртон æрхæссунцæ, е фæййагъаз кæндзæнæй зиндони дæлзæнхи сæрти сæригъуни хузæн листæг æма хъæмай хузæн циргъ ци хед Сират æвæрд ес, уобæл дзенетмæ бацæунæн. Хъиамæти бони хед Сиратбæл бахезæни лæудзæнæнцæ нивондæн ци фиртонтæ хаст æрцудæнцæ Хъурманбайрами рæстæг, етæ æма еци хедбæл бацæугутæй алкедæр си æнцонæй базондзæнæй æ хъурмайнаг.

Уотæ нимад цæуй, æма фагæ 'й, еу адæймаг нивондæн ку æрхæсса фус кенæ сæгъæ; бийнонтæ æнæгъæнæй ба – гал, гъог, кенæ къамбец (араббаг паддзахæдти ба ма теуа дæр æнгъезуй). Бийнонтæ берæ ку уонцæ, æма сæ бон ку нæ уа еугурей номæй нивондаг æрхæссун, уæд еци æгъдау æнхæст кæнунцæ еу анз еуей номæй, иннæ анз ба инней номæй æма уотæ идарддæр.

Уотæ дæр æнгъезуй, æма авд пусулмон лæги кенæ авд бийнонти, еумæ бадзубанди кæнгæй, нивондæн æрхæссунцæ еу фиртон, фид се 'хсæн æмдех ракæнунцæ, æма е дæр нимад æй æнхæстгонд æгъдаубæл. Нивондаг æнгъезуй сæрмагондæй Хъурмантæмæ исхæссун, кенæ ба 'й ескæмæй балхæнун.

Хъурмайнаг косæрттагæн бæззуй анзæй фулдæр кæбæл цæуй, уæхæн фус кенæ сæгъæ. Сторвонс ба, дууæ анземæй минкъийдæр кæбæл нæ цæуа, уæхæн. Хъурмайнаг косæрттагæн нæ бæззуй, ести сахъат кæмæ уа, æ иуæнгтæй ескæци лух кæмæн уа, ести незæй сæйгæ, кенæ ба фудхуз ка уа, уæхæн фонс. Нæ бæззуй хъæрæу, къулух, дæндæгутæ кæбæл нæ уа, æ еу гъосæн, æ къæдзелæн кенæ цæстæн æ фулдæр хай кæмæн нæ уа, уæхæн фонс дæр.

Косарт кæнгæй хъурмайнаги тог рауадзуни хуæдразмæ гъæуй зæгъун сæрмагонд ду'а: «БисмиЛляхи Аллаху Акбар» («Еунæг Хуцауи сæрбæлтау, Еунæг Хуцауи номæй бæрзонддæр неци ес…»). Æвгæрдун ба гъæуй дзæбæх циргъ кардæй, цæмæй фонс гъезæмарæ ма кæна, уæдта косартгæнæг ци хъурмайнаг æвгæрда, е гъæуама кард æ къохи æгириддæр ма фæууина, уæдта косартгæнæгæн агъаз ка кæна, уонæй уæлдай æ рази адæмæй маке уа.

Кæддæр Пахампар фæууидта, еу лæг фус æвгæрдунмæ багъавгæй цитæ кодта, уой: косæрттаг зæнхæбæл æрхъан кæнгæй, исиста æ кард æма 'й циргъ кæнун райдæдта. Хайуанмæ уæхæн æнæтæрегъæд зæрдæдард рауингæй, Пахампар загъта: «Гæрр, аци хайуани фæд-фæди цалдæр хатти рамарунмæ гъавис? Ци æрцудайдæ, уой зæнхæбæл æрхъан кæнуни размæ бал рагацау дæ кард ку исциргъ кодтайсæ, уæд?..»

Косарт кæнæн ес бæрæгбони æртæ боней дæргъи: æ фиццаг бони сæумæй (бæрæгбони намази фæсте) сауæнгæ æртиккаг бони фæссехуари намази райдайæни уæнгæ.

Хъурмайнаги фид еугурæйдæр дæхецæн ниууадзæ, зæгъгæ, уомæн неци хузи ес уæн. Фид гъæуй æртæ дехи ракæнун. Еу си æй дæхе, дуккаг гъæуама иурст æрцæуа мæгуртæн, уæззау сæйгитæн, фæккæсуйнæгтæн æфсапи хузи, æртиккаг хай ба – хъурманлæхъ искæнунæн, æрбацæуугутæ, хæстæгутæ æма синхæгти баиуазæг кæнунæн. Нивондæн хаст косæрттаги фид уæйæ кæнун не 'нгъезуй, уотæ æ сæр, цар кенæ къæхтæ дæр – гъæуй сæ лæвар байуарун, кенæдта сæ дæхецæн ниууадзæ...

Еузагъдæй, Хъурманти бæрæгбони уагæвæрдтæй уæлдæр ке ранимадтан, етæ 'нцæ, дини æгъдаумæ гæсгæ æнæмæнгæ 'нхæстгонд гъæуама ка цæуа, уæхæн фæткитæ.

Нæ дзубандий кæронбæттæни ба нæ фæндуй уой зæгъун, æма Хъурманти æгъдæуттæ федауцæй æнхæст кæнгæй нæ Исфæлдесæгæй нæ еугурдæр ракорæн, цæмæй райдзаст æма зæрдрохс куд уонцæ Иристони цæрæг адæм – ка ци дин хæссуй, ка ци адæмихаттæй æй, уомæ нæ кæсгæй, – æнæгъæнæй дæр райдзаст æма зæрдрохс куд уонцæ, сæ еугурей бийнонтæн дæр амондгун æма фæрнæйдзаг куд уонцæ сæ царди бæнттæ. Хуцау нæ æмвæрстæ цæрунмæ исæнтæсун кодта, æма гъæуама æмзæрдæ-æмзундæй нæ цард аразæн федудæй, кæрæдзей лæдæргæй æма нимайгæй, кæрæдземæн, Хуцау ни арази цæмæй уа, уæхæн арфиаг гъуддæгутæй агъаз кæнгæй.

***САКЪИТИ Эльбрус***

***Дууæ боней дæргъи Дзæуæгигъæуи цудæй Цæгат Кавказы федералон зилди ахуради районти хæццæ баст ахсгиаг фарстати фæдбæл æмбурд. Æ сæйрагдæр нисан – кæрæдзей бафæнзуйнаг фæлтæрддзийнади хæццæ базонгæ ун, цæмæй си идарддæри кусти æнтæстгинæй пайдагонд цæуа, уæдта еци гъуддаги регионти 'хсæн бастдзийнадæ æма æмгустадæ федардæр кæнун.***




# РÆВДУД КÆСТÆР РÆСТМÆ БАЙЛÆГЪ КÆНУЙ!..



*Сувæллæнттæ гъæуай кæнуни Æхсæнадæмон бони фæдбæл Цæгат Иристони ци берæ аллихузон мадзæлттæ арæзт æрцудæй, уонæн сæ тæккæ зæрдæхцæуæндæр иссæй, сувæллæнтти исфæлдистади Хъæбæлоти Билари номхæссæг республикон Галауан – бундорон цалцæггонди фæсте ке байгон æй, еци цау. Уобæл цийнæ кодтонцæ айдагъ кæстæртæ нæ, фал хестæртæ дæр. Уомæн æма аци Галауан иссæй нæ республики сæйраг сахари сæнттадитæй еу.*

*Нæ кæстæртæн аци цийнæ æма зæрдрохсдзийнадæ хæссæг рауæн нæуæгæй ке байгон æй, уой фæдбæл мадзали цитгин иуазгутæй еу иссæй Гучмæзти Аннæ. Галауанæн æ исарæзтбæл дæр æма ин æ архайдæн дæр берæ-берæ æнзти æнтæстгин разамунд ке фæллæвардта, уомæй ин кадæгонд цæуй нерæнгæ дæр. Æма, махмæ гæсгæ, цæмæдесаг уодзæнæнцæ æ имисуйнæгтæ.*

*Уой фæдбæл Гучмæзти Анни имисуйнæгтæ кæддæр дæр ма мухур кодтан, фал сæ кадæртæ нæ бакастайуонцæ, æма сæ нæуæгæй мухур кæнæн, уой дæр Галауани нæуæг бæрæгбонмæ гæсгæ.*

### «ИРОНХ НИ МА УÆД, НÆ АЛÆМÆТИ ГАЛАУАН ХЪÆБÆЛОТИ БИЛАРИ ФÆРЦИ АРÆЗТ КЕ ÆРЦУДÆЙ, Е!..»

Дзæуæгигъæуи Ленини номбæл гъæунги ка фæццæуй, уой цæститæ æрахæссунцæ уорс дорæй амад бæрзонд хæдзарæ. Берæ адæм зудтонцæ æма нур дæр зонунцæ, е æригон фæсевæди – скъоладзаути Галауан ке æй, уой. Евгъуд æноси 70-аг æнзти райдайæни æ нæуæги куд, уотæ нури рæстæги дæр, æвæдзи, æнæгъæнæ Цæгат Кавказы Федералон зилди дæр нæййес уæхæн дессаги Галауан. Фæндон æ бацæуæнтæ, куддæр дуар байгон кæнай, уотæ бахездзæнæ урух æма райдзаст фойемæ. Ес си уæледарæс ауиндзæнтæ, пъол – лигъз, рæсугъд хузти хæццæ, цæгиндзитæ мраморæй федауцæ конд. Устур залмæ ку бацæуай, уæд æ пъол æртæхузи паркетæй æхгæд, ес си 800 фæлмæн бадæни, фæрстæ дæр хъæбæр рæсугъд, сценæ устур. Галауани ма ес 250 бунатей фагæ зал кинонивтæ æвдесунæн.

Уомæй уæлдай ма ами ес берæ æндæрхузи залтæ, косæнуæттæ. Нур дууинсæй анзей дæргъи Галауани парахаттæй цæуй аййевадæ, наукæ æма техникæ пропагандæ кæнуни куст. Берæ фарстатæ лухгонд цæунцæ ами ирæзгæ фæсевæди гъомбæлади туххæй. Æма етæ хецæн дзубандий фагæ 'нцæ. Нур ба мæ фæндуй зæгъун аци Галауан ке фæрци фæззиндтæй нæ сахари, сæрмагондæй еци адæймаги туххæй.

Нæ зонун, иннетæ куд, фал æз ба мæхе нимайун хъæбæр нивгун адæймагбæл. Æгайтима мæ кусти фæрци Хъæбæлоти Емæзай фурт Билари хузæн лæги хæццæ базонгæ дæн æма мин кæд æ фарсмæ нæ, уæддæр еумæ косгæ рауадæй. Берæ дессаги хуарз хабæрттæ радзорун æнгъезуй еци лæги туххæй, фал сæ æнæ мæнæй дæр загътонцæ, уæдта ма беретæ ракæндзæнæнцæ. Æз ба зæгъдзæнæн Галауани туххæй, кæци арæзт æрцудæй лæгæй-лæгмæ Билари фæрци. Куд Советон Цæдеси Сæйраг Совети депутат, уотæ Хъæбæлой-фуртæн æвзаргутæ, бустæги ахургæнгутæ, бафæдзахстонцæ, цæмæй скъоладзаутæн хуæздæр уавæртæ арæзт æрцæуа фæсуроктæ рæстæг æрветунæн.

Мæску барæ нæ ратгæй, неке бон адтæй уæхæн фарста ниллух кæнун. Алли республики хецауадæ дæр курдта ести, фал минкъий Билар еугуремæй лæгдæр разиндтæй, Брежнев æма Косыгини исарази кодта, цæмæй раттонцæ барæ сабийтæн Дзæуæгигъæуи Галауан исаразунæн. Конд æрцудæй сæрмагонд проект, арæзтадæ райдæдта хъæбæр тагъд. Мæнмæ фæдздзурдтонцæ æма мин загътонцæ:

– Аразæн нæуæг Галауан нæуæгдзаутæн, скъоладзаутæн. Ду куст зонис æма дæ æвæрæн нæуæг Галауани сæргълæууæгæй, куд цæуй арæзтадæ, уомæ дæ цæстæ дарæ...

Хъæбæлой-фурт куд загъта, уотемæй Галауан гъæуама исцæттæ уа фондз анземæ. Арæзтади ка архайдта айдагъ уони хæццæ нæ, фал мин ахид æмбæлгæ уадæй Билари хæццæ. Мæнæй берæ хестæр, æгъдаугин лæг, раст фиди хузæн, фæлмæн дзурдта мæ хæццæ. Уомæй цæйбæрцæ зонундзийнæдтæ районтон, уомæн се 'мбеси бæрцæ нæ базудтон институти фондз анземæ, фæскомцæдеси обкоми косгæй.

Æнæгъæнæ республики сæргъи лæугæй, айдагъ вазуггин, ахсгиаг фарстатæ нæ, фал хъæбæр листæг, минкъий гъуддæгутæ æма фарстатæ дæр гъуди кодта. Хъæбæр лæмбунæг цæстингас дардта арæзтадæ æнæ къулумпийæй куд цæуа, уомæ. Сахар Саратовмæ рарвиста сæрмагондæй лæг, цæмæй фæттагъддæр кæна гъæугæ æрмæгутæ уордигæй исæрветуни гъуддаг.

Нæ фагæ кæнуй специалисттæ, зæгъгæ, уæд фæдздзурдта промышленнон кустуæтти хецæуттæмæ æма син загъта:

– Уæхе ку фестауетæ, дæсни специалисттæ нæмæ ес. Гъæуй плотниктæ, слесæртæ, сварщиктæ æма уи алкедæр фæйнæ фондз лæги æрбарветæд Галауанмæ, цæмæй куст тагъддæр цæуа. Æцæг сæмæ хъæбæр хуарз цæстингас даретæ...

«Орджтрансстрой»-и 1972-1974 æнзти раййивтонцæ цуппар хецауи, уомæн æма сæ ихæстæ не 'æнхæст кодтонцæ. Республикæ ци бафæстауæрцæ кæнидæ хуарз кусти фæрци, фулдæр арæзтадон æрмæгутæ еци æхцатæй æлхæдтонцæ. Уомæ гæсгæ цубур рæстæгмæ исцæттæ 'й Галауан æма иннæ республикитæ десæй мардæнцæ, куд бантæстæй Иристонæн уæхæн гъуддаг, зæгъгæ. Æнæмæнгæ, фиццагидæр Билари фæрци. Ралæудтæй æхцæуæн бон – 1974 анзи хорхæтæни мæйи фиццаг бон, сабийти гъæуай кæнуни Бони Иристон Уæрæсей хæццæ байеу кæнуни 200 анзи бæрæг кæнгæй, игонгонд æрцудæй нæуæг Галауан. Хъæбæлой-фурти фæрци æрбацудæнцæ кадгин минæвæрттæ Гурдзистонæй, Сомехæй, Цæцæн-Мæхъæлæй, Кæсæг-Балхъарæй æма иннæ рауæнтæй. Устур деси бацудæнцæ уæхæн рæсугъд, устур, райдзаст Галауан фæууингæй. Уой фæсте дæр Билар кадгин иуазгути ардæмæ хонидæ, уадзæ æма уинонцæ, цæхуæн цæстингас дарæн ирæзгæ фæсевæдмæ, уой. Фиццаг кадгин, номдзуд иуазгутæ адтæнцæ зундгонд тæхæг Александр Покрышкин, космонавт Андриян Николаев æма берæ æндæртæ.

Имисæн арфийагæй, Галауан аразуни устур хъиамæт ка бакодта, уони. Се 'хсæн паркетæвæрæг Яков Александров, монтажгæнæг Владимир Чекалов, плотник Василий Носов, фæрстæаразæг Анатолий Коломийцев, хуарæг Виктор Течиев, Андрей Шахназаров, Григорий Шубин, Василий Прокофьев, Зинæ Гугурова æма берæ æндæрти.

Фал, уæддæр еугуремæй боздæр ба ан Хъæбæлоти Биларæй, æ кадæ, æ ном цæрунцæ нæ хæццæ, дæттунцæ нин устур нифс. Æма хъæбæр раст бакодта нæ республики разамунд, Галауанæн æрæги Хъæбæлоти Билари ном ке равардтонцæ, уомæй.





***Петрусь БРОВКА (1905-1980), Белоруссий адæмон поэт: «Устур хузæгæнгути уадзимистæ адæймаг цалдæргай хæттити бакæсуй. Шолоховмæ дæр еу æма дууæ хатти нæ раздæхинæ æма еудадзугдæр мæхецæн раргом кæнинæ, нерæнгæ ци нæма ниттергади кодтон, уæхæн цидæр. Мадта куд «сæрæй есгæ æма бунæй ахуадгæ» æнцæ æ киунугути гъæздугдзийнæдтæ!..»***



**Михаил ШОЛОХОВ æ косæн уати.**

# ЗÆРДÆХЦÆУÆН ФЕМБÆЛДТИТÆ



**ДЗАДТИАТИ Тотурбег** (1910-1984)
финсæг, Устур Фидибæстон тугъди архайæг

***– Роман «Поднятая целина»-й дуккаг киунуги къохфинст кæсгæй, махбæл куд æрæмбесæхсævæ 'й, уой гъуди дæр нæбал æркодтан. Киунуги хъайтартæ – Давыдов, Нагульнов... – æ иннæ дессаги конд сорæтти царди хабæрттæ нæ сæ царди уолæнтæмæ раскъафтонцæ...***

Новочеркасски электровозтæ аразæн заводи коллектив Михаил Шолохови еузæрдиуонæй иснисан кодтонцæ ССР Цæдеси Сæйраг Совети депутаттæмæ кандидатæй, зæгъгæ, хабар уайтæккæдæр фегъустæй Ростови облæсти еугур рауæнтæмæ дæр. Уæлдай æхцæуæнæй ба ибæл исæмбалдæнцæ, номдзуд финсæг куд кандидат нисангонд кæми 'рцудайдæ, еци Новочеркассаг æвзарæн округи. Æма си æвзаргутæн ци æмбурдтæ арæзт цудæй, уонæми архайгутæ æмхузонæй арази адтæнцæ еци унаффи хæццæ.

Раст еци бæнтти мах дæр нæ журналистон балций нисанмæ гæсгæ фæццæун гъудæй Вешенскийи станицæмæ, цæмæй уоми фембалдайанæ Михаил Шолохови хæццæ. Æнæмæнгæ нæ гъудæй фæццæун. Фал кутемæй?..

Мет уой бæрцæ æруардта, æма над бæрæг нæбал адтæй. Хуæдтолгитæ нæ, фал бæхбæл, цонæгъбæл цæуæн дæр нæбал адтæй: бæхтæ губуни уæнгæ ниннихъулиуонцæ мети æма нæ фæразтонцæ цæун. Уæдта æфсæнвæндагæй, сахар Миллеровойæй Вешенскийи станици 'хсæн æртинсæй километремæй фулдæр ес, æма гъизт рæстæги æнцон над нæ адтæй. Шолохови ба фембæлун гъудæй е 'взаргути хæццæ.

Берæ лигъстити фæсте Ростови аэродроми еу летчик æ нифс бахаста æма исарази æй хуæдтæхæгбæл мах Шолоховмæ нихъхъæртун кæнунбæл.

Уогæ нин тæхæг дæр æма аэродроми хецау дæр рагацау загътонцæ:

– Аци гъизт æма мегъæ рæстæги уæлдæфи ку басуйайтæ, кенæ ку фæдздзæгъæл уæн æма итигъд будури ку байзайæн, уæд ми ма рагъаст кæнетæ: ауæхæн рæстæги тæхуни барæ нæййес! Нур дууæ мæйи Вешенскиймæ пост дæр ласт нæ цæуй, телефон дæр нæ косуй. Шолохови почтæ дæр махмæ лæууй, рæстæги гъæдæ фæххуæздæр унмæ æнгъæлмæ кæсæн.

– Цийфæнди фæуувæд, уæддæр æнæтæхæн нæййес, – цæхгæр ниллæудтан мах дæр. – Адæм Шолохови фæууинунмæ бæллунцæ...

Уæззау цъæх мегъæ æхебæл уæларвмæ еуцæйбæрцæдæр ку исхуæстæй, уæд мах дæр исбадтан, У-2-й. Зæнхæбæл ци бæттæнтæй баст адтæй, уонæй куддæр фæууæгъдæ кодта нæ хуæдтæхæг тумугъ думгæ, рæуæг цъеуау æй хæрдмæ фелваста æма уæлдæфи накæ кæнун байдæдта, Шолохови номбæл ци пъисмотæ æма газеттæ æрæмбурд æй, етæ дæр нæхемæ, уотемæй.

Ростови аэродромæй Вешенскийи станицæмæ хуарз рæстæги дууæ сахаттемæй фулдæр тæхун нæ гъæуй. Фал мах ба багъудæй æнæгъæнæ бон тæхун: тумугъ думгæ нæ уæд еуæрдæмæ хаста, уæд иннердæмæ.

Æризæр æй, уотемæй Дони билæбæл уæларвæй кæсгæ рауидтан, еу дæргъæй-дæргъæмæ гъæу. Æ тæккæ астæу бæрæг дардта еу бæрзонд, дууæуæладзуг дорин хæдзарæ.

– Æрбахъæрттан! – æхцæуæнæй æ сæр батилдта летчик, фал ма нæ æрбадун дæр гъæуй æма кутемæйти?

Дзæвгарæ фæрразелæбазелæ кæнгæй, хуæдтæхæг æхе, æруагъта зæнхи 'рдæмæ æма гъæугæрон арф мети æ дзæмбутæ рацавта, æ мотор æрхуссун кодта. Сæлгæ дæр уоййасæбæл нæ никкодтан, фал уæддæр нæ гъуди адтæй: «Арти фарсмæ бадунæй ма ку бафсæдианæ!..»

Нæ размæ, десгæнгæй, ка фæффæдеси æй, еци колхозонтæй нæ еу кæройнаг хæдзарæмæ бакодта æма загъта:

– Ардигæй уæ некумæ рауадздзинан!

Гъар уати минкъий рабадти фæсте хæларзæрдæ хъазахъаг нин æхсæвæри фингæ дæр раræвдзитæ кодта. Дзубанди нин райеудагъ æй сауæнгæ æмбесæхсæвæмæ.

Бон æнхæст нæма фæцъцъæх æй, уотемæй раистадан, нæхе рарæвдзитæ кодтан, æма, нæ фусун нæ разæй, уотемæй фæннæхстæр ан Шолохови хæдзарæмæ.

Дони билæбæл агоридорæй амад райдзаст хæдзари рази баййафтан еу рацæргæ уоси æд галтæ. Хуæрзхузтæ, цардхуз силгоймаг æ агъазиау æхси гъæдæй хуаста цъæх хуарæнæй хурст горени дуар æма медæмæ гъæрæй дзурдта:

– Мишæ! Михаил! Ракæсай!..

Мах бадес кодтан: сæумæцъæхæй цæмæн хуайуй дуар силгоймаг, зæгъгæ. Æма нин нæ фусун хабар балæдæрун кодта:

– Шолохов партий райкоми бюрой иуонг æй, уæдта райони совети депу¬тат æма бабæй имæ, æвæдзи, гъуддаги фæдбæл æрбацудæй.

Нæ размæ рацудæй ниллæггомау, цæрдæг, бор закъæгин лæг, æ уæле валенкитæ, цубургомау уорс кæрцæ æма цъæх уæлдзарм ходæ. Махбæл бацийнæ кæнунмæ гъавта, фал æй силгоймаг фæууорæдта:

– Мишæ, ци уой зонис?

– Игъосун дæмæ, Марфæ Тихоновна, – бахудтæй Шолохов дæр.

– Мæн нæ евдæлуй, мæ галтæ ефтигъдæй лæуунцæ. Фермæмæ хуасæ ласунмæ цæун, тагъд-тагъдæй ракъæркъæр кодта силгоймаг, еци æнæйевдæлон хузæй.

– Æма цæугæ, Марфæ Тихоновна: æз дæ ку нæ къулумпи кæнун, бæхгин дæр дæмæ ку нæ рарвистон! – бахудтæй бабæй Шолохов æма æ бецъотæ радаудта.

– Нæ, нæ, Мишæ! Гъуддаги 'рбацудтæн, – æма силгоймаг æ кæрци дзиппæй гæгъæдитæ исиста. – Райæнхæсткоммæ мæ бæсти бауайдзæнæ æма базонæ, – налог мæбæл раст не 'сæвардтонцæ æма цæмæн уотæ 'й? Мæхе нæ евдæлуй, галтæ дзæгъæл лæуд кæнунцæ, ферми ба хуасæ гъæуй... Еци бюрократтæ ба фараст сахаттемæй раздæр сæ кусти нæ уодзæнæнцæ, зæгъгæ.

Силгоймаг æ гæгъæдитæ Шолохови къохи фæссагъта, æ цонæгъи рабадтæй æма æхсæй февзиста галтæмæ:

– Цоб, цобе! Мишæ, ма ди феронх уæд, аци бон исаразæ гъуддаг, – зæгъгæ, ма фæстæмæ радзурдта.

Мах лæугæй байзадан, силгоймаг, цума æ кæстæр фурти хæццæ дзубанди кодта æма уомæн фæдзахста æ хæдзари гъуддаг, уотæ адтæй æ дзубанди номдзуд устур финсæги хæццæ, академики хæццæ.

– Дессаг уæмæ ма кæсæд, иуазгутæ, – исдзурдта нæ фусун. – Михаил Александри фурт махæн нæ кæстæр лæггадæгæнæг дæр æй, нæ хæдзæртти унаффæгæнæг дæр æй, хестæр зундамонæг дæр æй... Тухсти уай, цийнæдзийнади æвдулай – мах нæ зæрдиаг дзубанди алкæддæр еугурей разæй Михаил Александри фуртæн фæдздзорæн.

Нæ фусуни дзубандибæл бауæндунæн мах берæ рæстæг нæ багъудæй, финсæги хæдзарæмæ 'рбацудæй МТС-и директор:

– Михаил Александри фурт, фæййагъаз нин кæнай: нæуæг тауæн машинттæ нин фагæ нæ равардтонцæ... Шолохов æхемæ ниффинста курдиадæ æма ин зæрдæ байвардта гъуддаг исаразуни туххæй.

Уой фæсте Шолохов дзубанди кодта æ косæн уати колхозтæй еуей сæрдар æма агрономти хæццæ уалдзигон кустити пълани туххæй. Минкъий фæстæдæр дуар æрбахуастонцæ цауæйнон лæгтæ æма дзурдтонцæ, фонси фермæмæ хæстæг балберæгътæ куд ниццагътонцæ, уой туххæй, æма курдтонцæ, дуккаг æхсæвæ сæ хæццæ куд рацæуа Дони атагъамæ берæгъ æма робасдзауæн...

Цауæйнонти раййивтонцæ кæсалгахæсгутæ. Етæ радзурдтонцæ, ехи бунæй кæсалгæ ахæссун куд зин æй, уой, уæдта загътонцæ:

– Михаил Александри фурт, нæ колхозæн нин ку исамал кæнисæ моторгин бæлæгътæ кæсалгæ ахæссунмæ...

Гъе уæхæн дзубандитæ æма фембæлдтитæ нæ цох кодтонцæ сæумæй изæри уæнгæ. Сехуар искæнуни афони стъоли фарсмæ æрбадтан цуппаремæй. Финсæги уосæ – Мария Петри кизгæ нин равдиста æ дууæ кизги æма дууæ биццеуей къартæ. Цалинмæ бийнонти туххæй дзубанди кодтан, уæдмæ ба фæззиндтæнцæ æма хæдзарæмæ 'рбацудæнцæ колхозтæй æрвист минæвæрттæ. Æма ин балæдæрун кодтонцæ:

– Дзуаппон-æвзарæн æмбурдтæ нæмæ уодзæнæй, Михаил Александри фурт, æма гъæуама не 'мбурди уай! Уотæ фæндуй колхозонти.

Шолохов сæ æрбадун кодта стъоли фарсмæ æма син дзубанди райеудагъ æй. Колхозонтæй еу, сæ хестæр зæронд лæг, дессаги дзорун мондаг фæцæй, уæлдайдæр ба ма 'й дуккаг агувзи фæсте дзубандийæй ка 'фсаста!

– Мишæ, еухатт дæ кулактæ куд мардтонцæ, е дæ зæрдæбæл нæбал лæууй? – æ цъæх халасæ закъæ радаудта зæронд хъазахъаг, уотемæй æртиккаг агувзæ исесгæй, бакастæй Шолоховмæ.

Е дæр имæ æ цæстæ фæнникъулдта, гъома, дзорæ, ду æй хуæздæр гъуди кæнис, зæгъгæ. Мах дæр имæ æригъустан. Зæронд хъазахъаг ба нæуæгæй фæййагайдта.

Хабар æрцудæй Дони зилди, граждайнаг тугъд ку нæма фæцæй, уæд. Шолохов куста продотряди хецауæй сæ зилди. Æригон биццеуæй дæр æ цæхæркалгæ зæрди хъаурæ арæзт адтæй советон хецауади æрфедармæ, контрреволюций нихмæ. Продотряд берæ кулакти æхгæд уæрмитæй искалдта уонæми римæхст тиллæг æма 'й рарвиста сахарти тухст косгутæн, тохæг Сурх Æфсадæн. Знæгтæ исфарс æнцæ Шолоховбæл æма исфæндæ кодтонцæ æ рамарун. Æригон биццеуи æрахæстонцæ æма 'й бæттæнтæй федар исбастонцæ. Цонæгъбæл æй багæлстонцæ æма бæхтæрæгмæ, мæнæ нур ка дзоруй, уомæ карз бавзистонцæ:

– Бахъæртун æй кæнæ ревтрибуналмæ, кенæ ба дæхуæдæг ахæст æрцæудзæнæ. Валентин, махæн хабар дзорæг, къæсхуртæ лæг дæр куд нæ фæттарстайдæ æма æ бæхти

***(Кæрон.
Райдайæн 20-аг номери.)***

**Зундгонд уруссаг поэт Василий Леви фурт Пушкини (Александр Пушкини фиди 'нсувæр) райгурдбæл 8 июни æнхæст кæнуй 255 анзи (1770-1830).**

*Михаил АЛЕКСЕЕВ (1918-2007), финсæг, Социалистон Фæллойни Бæгъатæр: «Хуарз финсгутæ берæ ес. Еуетæ хъæбæрдæр цæгунцæ интеллигенций зæрдитæмæ, иннетæ – косгути, æртиккæгтæ – зæнхкосгути зæрдæмæ. Фал еци-еу рæстæг алли киунугæкæсæги зæрдæ дæр ке киунугутæ агайунцæ, уæхæн финсгутæ ба хуæрзминкъий ес...»*



базгули кодта. Æрталингæ ’й. Урух будур. Стонг балберæгъти неун цæуй аллирдигæй, зæрдæ фуртæссæй æскъунуй. Бæхтæ хурруттитæ кæнунцæ, тасдзийнадæ лæдæргæй. Ахæст æма бæститæ Шолохов æ бунатæй исæзмæлун дæр нæ фæразуй, уотемæй ибæл мет уаруй. Нæбал фæллæудтæй Валентини зæрдæ æма райхалдта биццеуи бæститæ. Еуцæйдæрбæрцæ дæр рæстæг ку рауадæнцæ, уæд ин æ гъоси бадзурдта:

– Ледзæ!

– Кумæ, цæмæн? – исдзурдта Шолохов. – Нæ игъосис, балберæгътæ ке неунцæ?

– Игъосун, фал дæ кумæ ласун кæнунцæ, уоми балберæгътæй фуддæр знæгтæ бадунцæ.

– Трибунали?.. Нæ, уомæй мæ ма тæрсун кæнæ. Ревтрибунали большевиктæ бадуй, исуæгъдæ мæ кæндзæнæнцæ.

– Еци зæрдæ дæ ма фæссайæд. Контртæ дин тæрхон кæндзæнæнцæ...

– Е ба куд? – деси бацудæй биццеу.

– Ревтрибунали рæуаги дин сæхуæдтæ, контртæ тæрхон кæндзæнæнцæ, марунмæ дæ ласун кæнунцæ! Æз уой бæлвурдæй зонун. Мæнæ мæ еуæхстон топп райсæ дæ хæццæ æма ледзгæ кæнæ, берæгътæй ма тæрсæ. Æз зæгъдзæнæн: фæллигъдæй мин, надбæл цæугæй. Сайæн гæрæхтæ фæккæнисæ.

Фал нæ бауæндтæй биццеу бæхтæрæг Валентинбæл, «ледзгæ ледзун мæ ку фехса», зæгъгæ, æнгъалдта.

Бахъæрттæнцæ, тæрхон кæнун ин кæми иснисан кодтонцæ, уордæмæ. Цæй ревтрибунал си бадтæй!.. Кулакти æма уорсгвардионти афицерти тæккæ налатдæртæ райдæдтонцæ тæрхон кæнун Шолоховæн.

Биццеу ма ракæсæ-бакæсæ кодта, фал Валентинæн æ кой дæр нæбал адтæй. Устур закъæгин, нæрст хъазахъаг кæсуй тæрхон. Шолохови цæститæ цæхæртæ калунцæ. «Хъазахъæгти æхсæнади номæй тæрхонгонд æрцудæй... Шолохов Михаил Александри фурт, 1905 анзи игурд, базаргæнæги фурт, ауигъд æрцæуæд...» Биццеуи иуонгтæ базир-зир кодтонцæ æма фæйнердæмæ ракæститæ кодта. Дуаргæронæй æрбазиндтæнцæ топпити цъухтæ, кæройнаг къæразгæй – пулемети цъух. «Тæрхонгæнгути» тæккæ рази ’рбалæудтæй æд кара¬бин хъазахъаг æма фæгъгъæр кодта:

– Контртæ, уæ къохтæ исдаретæ! Кæркити цагъд уæ кæнæн!

Еци рæстæг уордæмæ бакæсун адтæй устур дессаг. Уорсгвардионтæ рафæлорс æнцæ, уотемæй сæ къохтæ исдардтонцæ. Шолохови цийнæн ма кæрон кæми адтæй, æ хæлар æма ервæзунгæнæг партизантæмæ кæсгæй.

– Цæй, цæрæ нин, Мишæ, цæрæ, цæйбæрцæ фæцардтæ, нæуæгæй ма уой бæрцæ!

– Валентин исхуæстæй æ минкъий агувзæбæл.

– Арфæ дин кæнун, Валентин, фал дæ куд нæ иронх кæнуй еци ’хсæви цау?

– Куд ми феронх уа, Мишæ! Маргæ дæу кодтонцæ, мæн уод ба рауадæй!..

Исхизтан дуккаг уæладзугмæ. Урух, райдзаст рохс уат – финсæги косæн уат. Кæсæн къæразгæй, цæстити рази радаргъ æнцæ станицитæ æма хутортæ. Зæрдæбæл лæуунцæ советон литератури æрттевгæ уадзимистæ «Тихий Дон» æма «Поднятая целина»-й цардæгас соръаттæ æма æрдзи рæсугъддзийнæдтæ.

– Михаил Александри фурт, берæ ма æнгъæлмæ кæсдзинан, «Поднятая целина»-й дуккаг киунугæмæ? – аййевæй рафарстан финсæги.– Нæ, нур мæ уæхæн фарстайæй некебал фефсæрми кæндзæнæй, – æ медбилти бахудтæй Шолохов, æ борбун рехæ æууæрдгæй æма цъæхбун цæститæ æрникъолгæй. – Мæнæ фæууинетæ, кæд рæстæг фæууа, уæд æй кæсгæ дар бакæнетæ… Шолохов нæ равардта къохфинсти агъазиау том. Æ фæстаг сифтæ, куд æрæстæфтан, уотемæй ма финсæги стъолбæл чернилæдони размæ адтæнцæ, æвæдзи ма сæбæл бакосуйнаг адтæй. Мах ма æндæр ци гъудæй æма райстан нæ къохтæмæ киунугæкæсгутæн Шолохови фæстаг æхцæуæндæр лæвар æма кæсунбæл фæцан. Шолохов ба æ почтæ райхалдта æма кæсун райдæдта финстæгти фæдбæл: ке бакæсидæ, уони хецæнтæй æвардта æма æхемæ нисан кодта, кæмæн си ци дзуапп раттун гъæудзæнæй, уой. Нæ Райгурæн бæсти кæрæнттæй номдзуд финсæгмæ ахурдзаутæ æма интеллигенций косгутæ, уæдта зæнхкосгутæ финстонцæ сæ цийнæдзийнæдтæ æма тухстдзийнæдти туххæй, фарстонцæ ’й, хестæр æнсувæри куд фæффæрсунцæ, уотæ аллихузон гъуддæгутæбæл, агурдтонцæ си сæ фæрститæн дзуæппитæ. Идæрдтæбæл ахедуй финсæги бастдзийнадæ нæ бæсти сахартæ æма гъæути фæллойнæгæнгути, колхозонти, заводтæ, скъолатæ æма совхозти хæццæ. Е бæрæг адтæй айдагъ æ почтæмæ уæлæнгай æркастæй дæр...

Роман «Поднятая целина»-й дуккаг киунуги къохфинст кæсгæй, махбæл куд æрæмбесæхсæвæ ’й, уой гъуди дæр нæбал æркодтан. Киунуги хъæйтартæ – Давыдов, Нагульнов... – æ иннæ дессаги конд соръætти царди хабæрттæ нæ сæ царди уолæнтæмæ расъкъафтонцæ æма, куд сæ фæндадтæй, уотæ нæ рафæлгъаубафæлгъауæй æскъафтонцæ сæ тумугъти.

Шолохов нæ цалдæр хатти гъавта алли рæуæнттæй киунуги хъæйтартæй фæххецæн кæнун. Фал е æ къохи нæ бафтудæй.

– Мадта бал æхсæвæр искæнæн, æгоммæгæс иуазгутæ, – тухстхузæй бабæй загъта фусун, æ диванбæл бадгæй.

Е адтайдæ кæркуасæнти афони æма уæдмæ мах дæр рахъæрттан, стъолбæл ма ци сифтæ адтæй, уонæмæ. Ауæхæн киунугæ кæсгæй адæймаг рæстæгæн æ афæнттæ нæбал фестæфуй, æма уомæй дæр бæрæг фæууйнцæ киунуги хъæбæр хуарз менеугутæ.

– Арфæ дин кæнæн дæ нæуæг уæлахездзийнади туххæй! – райстан финсæги къох. – Фал киунугæкæсгутæбæл рæхги исæмбæлдзæнæй аци къохфинст киунуги хузи?

Шолохов бабæй æ бецъо радаудта, хуссæгигъæлдзæг цæститæ æрникъолгæй æма еци ходæндзастæй загъта:

– Уадзимис мин æнадæ фæууй, зæрдæдзоргæ бунæттæ ма си ку фæууй, уæд.

– Е раст æй… Æма уомæй дæ хæццæ арази уогæй дæ куд нæ бафæрсæн дæ роман «Они сражались за Родину»-й туххæй дæр. Тагъд нин фæууодзæнæй равгæ æ бакæсунæн?

– «Тагъд дон форди не ’ййафуй», уæхæн æмбесонд ес ирон адæммæ, æнгъæлдæн? – мæнмæ ’рбакастæй фусун æма агъазиау стъоли лагъз байгон кодта. Нæ рази нин æрæвардта æртæтомон къохфинст æма загъта: – Киунугæкæсгути фудæнгъæл нæ фæккæндзæнæн.

* * *

Новочеркасски политехникон институти устур актон зал æмидзаг бацæй. Уæддæр æрбацæуæг адæми фагæ бунæттæ кæми адтæй! Байдзаг æй институти тургъæ дæр æма сæ коми тулфæ сæ сæрмæ мегъау исбадтæй. Дессаг куд нæ адтæй, уой бæрцæ дзилли цибæлдзийнадæ сæ уарзон финсæги фæуууинунмæ, æ дзубандимæ ин байгъосунмæ!

Бæрзонд æвæрд трибунæй разиндтæй цубургомау, къæсхур, бецъогин хъазахъаг æма æ бæрзонд цъæх уæлдзарм ходæ исиста æмбурди адæми кадæн. Къохæрдзæф райгъустæй финсæги кадæн, еугур советон адæми кадæн, – ауæхæн хъæболти ка исгъомбæл кодта! Шолохов фефсæрми ’й æма æ тæрнихбæл æвзестау исæрттивтонцæ хеди фæрдгутæ, райхалдта æ уорс кæрци æгънæгутæ æма, æфсæрми худт кæнгæй, æхуæдæг дæр æрдзæф кæнун райдæдта.

Æ фарсмæ микрофони размæ æрлæудтæй бæрзонд, хуæрзхуз адæймаг – Округи æвзарæн къамиси сæрдар, профессор Протасеня. Къохæрдзæф фæссабурдæр æй æма профессор райдæдта дзорун. Шолохови царди æма исфæлдистади кусти туххæй дзубандимæ æвзаргутæ игъустонцæ зæрдиуагæй, кæд профессор ке дзурдта, етæ сæ еугуремæн дæр зундгонд адтæнцæ, уæддæр. Фиццаг хатт æвзурст нæ цудæй Шолохов Сæйраг Совети депутатæй. Нур цуппæрæймаг хатт дæтдзæнæнцæ сæ гъæлæстæ Дони билтæбæл цæрæг адæмтæ Михаил Александри фурти советон паддзахади уæлдæр оргæнмæ равзарунбæл.

– Не ’мдогон номдзуд финсæг Шолохов райгурдæй 24 майи, 1905 анзи, Вешенскийи станици, хутор Кружилини, – дзоруй профессор. – Æ фидæ адтæй базаради косæг. Граждайнаг тугъд ку райдæдта, уæд еци рæстæги цаутæмæ гæсгæ Шолоховæн фадуат нæбал фæцæй Богучари гимнази фæуунæн. Еци рæстæги Дони еугур рауæнти дæр ци граждайнаг тугъд цудæй, е кæд берæ зинтæ æма гъезæмæрттæ æвзарун кодта, уæддæр гимназистмæ райгурун кодта алæмæтти устур искурдиади сауæдонæ. Æригон Шолохов бацудæй революцион тохи гулфæнмæ. Уой фæсте революцион устур æййивддзийнадтæ æма æ архæйдтитæ иссæнцæ финсæги исфæлдистадон кусти сæйрагдæр темæ æма хъæйтартæ.

Граждайнаг тугъди фæсте æстдæсанздзуд Шолохов рандæй Мæскумæ. Уоми райдæдта косун уæргътæвгæнæгæй, уой фæсте ба дорамæйгæй... Æ кустæй уæгъдæ рæстæг Михаил нивонд кодта литературон исфæлдистадæн. Устур номдзуд финсæг Максим Горький æнæ фæууингæ нæ фæцæй литератури нæуæг талай фæззинд.

Æригон финсæги царди ахсгиаг цау иссæй е, æма 1923 анзи мухури рацудæнцæ радзурдти фиццаг киунугутæ «Донские рассказы» æма «Лазоревая степь». Киунугæкæсæг гъуди кæнуй, аци уадзимисти, Дони зилди советон хецаудзийнадæ исфедаргæнæг косгутæ æма зæнхкосгути бæгъатæр соръаттæ куд тухгин æвдист æрцудæнцæ, уой.

Фæстæдæр, 1926 анзи, æ дæснидзийнадæ берæ фæббæрзонддæр кæнгæй, Михаил Шолохов райдæдта косун æ агъазиау эпикон роман «Тихий Дон»-бæл.

Цуппæрдæс анзи ци эпопея фæффинста, е Шолоховæн æрхаста адæмон финсæги ном, æнæгъæнæ дуйней дæр игъустгонд æма зундгонд советон финсæг-коммунисти ном. Коллективизаций рæстæгæй дæр мадта «Поднятая целина»-й æ дæснидæр æма лæмбунæгдæр финст аййевадон-литературон уадзимис зин иссерæн æй.

Устур Фидибæстон тугъди рæстæги Шолохов – Райгурæн бæстæбæл еузæрдиуон патриот – рандæй фронтмæ газет «Правда»-йи тугъдон уацхæссæгæй, зундгонд æнцæ, уæди рæстæги ке ниффинста, еци аллихузон æрмæгутæ.

*Журнал «Мах дуг» № 5 1955 анз*

* * *

*Редакцийæй. Михаил Шолохови тугъдон æрмæгутæй кæцидæртæ нæ маддæлон æвзагмæ тæлмацгондæй мухургонд цудæнцæ нæ республики дзиллон хабархæссæг æма литературон-аййевадрон фæрæзнити, уой хæццæ газет «Дигорæ»-йи дæр.*



Цæгат Кавкази цæрæг адæмихæттити ’рдигæй Михаил ШОЛОХОВÆН бæрзонд кадæгонд цудæй. Аци къари уинетæ, уони номæй ин уорс нимæт куд балæвар кодтонцæ, уой.

**Адыгейи адæмон финсæг Аскер Кадырбечи фурт Евтыхи райгурдбæл 7 июни æнхæст кæнуй дæс æма фондзинсæй анзи (1915-1999).**

*ДЗАНАЙТИ Иван (1896-1947) поэт: «Мæн поэтикон кустмæ исразæнгард кодтонцæ Пушкин, Лермонтов æма Хетæгкати Къоста... Цæбæл ахур кæнун идарддæр Пушкинбæл? Æ хуматæг æма лæдæргæ æвзагбæл, æ адæмондзийнадæбæл, æцæгдзийнадæ куд æвдесуй, ирд сорæттæ, арф гъудитæй куд пайда кæнуй, уобæл...»*

**АЛЕКСАНДР ПУШКИН: «КАВКАЗ ÆЙ МÆ ДÆЛЛÆЙ. БÆРЗОНД ХОНХÆН ÆЗ ФÆЛГÆСУН Æ МЕТÆМБÆРЗТ ТЕГЪÆЙ...»**



Дзæуæгигъæуи бæрæгастæу лæууй СОСКЪИТИ Владимири конд цыртдзæвæн «Пушкин Кавкази».

# ПУШКИН ÆМА ИРИСТОН

***Алли анз дæр, 6 июни, нæ бæсти бæрæг кæнунцæ уруссаг æвзаг æма номдзуд поэт Александр Пушкини райгурæн бæнттæ. Раздæр, советон доги, етæ райдайиуонцæ Дзæуæгигъæуи арæзт кадгин мадзæлттæй. Нур еци фæткæ кæд нæбал æй, уæддæр поэти рохс ном алкæддæр иссерунцæ Цæгат Иристони. Куд алли анз, уотæ нур дæр Дзæуæгигъæуи æ номбæл сквери æ цыртдзæвæни рази арæзт æрцудæй номерæн мадзал.***

***Александр Пушкин нæмæ уотæ устур цæстиварди æй айдагъ æ номдзуддзийнадæмæ гæсгæ нæ, фал уомæ гæсгæ дæр, æма, зæгъун æнгъезуй, тогæйхæстæг дæр ма ан æ хæццæ. Мæнæ уой тухххæй зундгонд публицист æма финсæг ЦГЪОЙТИ Хазби куд зæгъуй:***

– Уæрæсей анзфинстмæ гæсгæ Владимир Мономах æ фурт Юрий Долгорукийæн 1107 анзи ракурдта алайнаг къниази фурти кизгæ. Юрийи фурт Всеволод дæр бафæнзта æ фиди æма е дæр цардæмбалæн равзурста алайнаг кизгæ Марийи. Е нæ, фал ма ин æ хуæри дæр байамудта Киеви къниаз Святослави фурт Мстиславæн.

Всеволод æма Марийæн исæнтæстæй 12 сувæллони, уомæ гæсгæ сæ исхудтонцæ Устур бийнонтæ (Большое гнездо). Сæ фурттæй еу, цитгин къниаз Ярослав адтæй Новгородаг къниаз, устур уруссаг æфсæддон разамонæг, политикон архайæг æма дипломат, адæмон бæгъатæр Александр Невскийи фидæ.

Невскийи фиди мадæ – алайнаг Марийи хуарзи кой райгъустæй еугур Уæрæсебæл дæр. Æ берæ цæуæт багъомбæл кодта фидибæстæн патриоттæй. Марийи æ хуæрзконд æма зæрдхæлардзийнади, æ цардæмбали хæццæ кадæ æма радæй ке фæццардæй, уой тухххæй æ рамæлæти фæсте Уæрæсей киристон аргъауæн банимадта кæдзос удбæл. Уой размæ ма кæдзос удбæл банимадтонцæ дууæ адæймагей: Уæрæсейæн киристон дин ка ’рхаста, уой – Владимир Фиццаги æма Киеваг æхсийнæ Ольги (киристон дин райста Константинополи). Марийæ адтæй æртиккаг, цуппæрæймаг ба адтæй æ фурт, фæндзæймаг – æ фурти фурт Александр Невский, æхсæзæймаг – Невскийи фурт Даниил.

Александр Невскийи байзæдтаги æ фурт Андрей III рацæуæгæ еу къабазæ фæстæдæр райгурдæй номдзуд поэт, гений А.С. Пушкин. Æ иннæ фурт кæдзос уод Даниилæй рацæугæ къабази ба райгурдæй Пушкини цардæмбал Н.Н. Гончарова. Уотемæй, листæг рагъуди кæнгæй А. Пушкин æма Н. Гончаровай иуæнгти гъазта сæ фидтæлти мадæ – ирон силгоймаг Марийи тæвдæ тог дæр. Номдзуд поэт æ уадзимис «Путешествие в Арзрум»-и ирон адæми тухххæй хуматæги зæрдресгæй нæ финста: «Осетинцы – самое бедное племя из народов, обитающих на Кавказе» æма ма ибæл æхцæуæнæй бафтудта: «Женщины их прекрасны». Мадта адæмон исфæлдистади бундорбæл ци уадзимистæ ниффинста, уонæми дæр цидæр хеуондзийнади тæвагæ банкъаруй ирон киунугæкæсæг. Бæрæг æй, ирон адæмон исфæлдистадæн дæр æцæгæлон ке нæ ’нцæ сæ архайгутæ æма сæ бæгъатæрдзийнæдтæ. Аллихузи адæмтæн кæрæдзей цард, фæлтæрддзийнадæ, культурæ æма аййевадæ базонунмæ турнундзийнадæ сæмæ ес. Хуарз алкæмæн дæр фæнзуйнаг æй, æма сабур изæрти Марийæ æ берæ цæуæтæн ци алайнаг-ирон аргъæуттæ, таурæхътæ, кадæнгитæ дзурдта, етæ фæлтæрти сæрти Пушкинмæ дæр æрхъæрдтайуонцæ.

А. Пушкини цард æма исфæлдистадæ ’ртасгутæ зæгъунцæ, зæгъгæ, Иристони ку адтæй, уæд Дзæуæгигъæуи цæргутæй уæлдай ма фембалдæй æрæдойнæгтæ æма гизæйлæгти хæццæ. Гизæли еу зиани æхе цæстæй фæууидта мард æвæруни æгъдæуттæ. Уой зонгæй, æй хузæгæнæг П. Зарон исхузæ кодта ирон Нихæси лæгти хæццæ. Хузæ хунуй «А. Пушкин ирон гъæуи».

* * *

*Александр Пушкин Иристони дзиллæн хеуони хузæн алкæддæр ке адтæй æма нерæнгæ дæр ке ’й, уомæн ирд æвдесæн – уой тухххæй нæ ахурæндтæ дæр æма финсгутæ дæр берæ алли хузон наукон-аййевадон уадзимистæ, æма Пушкинæн æхе уадзимистæ дæр тæлмацгонд ке ’рцудæнцæ нæ мадæлон æвзагмæ, е. Абони си ке мухур кæнæн, уони дигорон æвзагмæ ратæлмац кодта поэт* ***КЪИБИРТИ Амурхан***.

## *Æз дæу уарзтон*

Æз дæу уарзтон: мæ еци уарзт, æнгъæлдæн,
Минæг нæма ’й, кæдзосæй æй хæссун;
Æрмæст уобæл мабал ресæд дæ зæрдæ,
Мæ зинбæл дæ нæбал кæнун тухсун.
Æз дæ кодтон сосуарзæ, зæрдæресгæй,
Мæ тухст æма ме ’нæндиуди цæргæй;
Хуцау зæгъæд, гъенур дæ æндæр еске,
Мæнау уарзæд æносмæ æцæгæй.

## *Бали*

Хорискæсæн уортæ
Зæрийнæ даруй.
Гъæугæрон донуордæг
Еу рохс æртар уй.
Игуæрдæн – æртæхи
Кæдзос æма рохс.
Идзулд хезнæ-зæнхи
Базмалдæнцæ фонс.
Хелунцæ рæгътæмæ
И мегъæ – хъуæцдзуд.
Æвзонг гъонгæстæмæ
– Кизгуттæн сæ цуд.
Уайуй хæл-хæлгæнгæ
Адаги тæх дон.
Гъæдæ тæмæн калгæ
Мæ размæ уидтон...

## *Сайтæнттæ*

Мегъти тохæн, мегъти хилтæ...
Мæйи рохс – минæг, уæддæр
Баирд кодта мет-тъæфилтæ,
Арв лæкъун, æхсæвæ тар.
Цæрдæг бæхти догъ будури;
Дзæнгæрæги зæл-зæлланг...
Æвæд надбæл æнæбари
Бæргæ райстан цуди уаг.
«Гъей, бæхтæрæг, тагъд нæ дзори!»
– «Нæй, барин, цурддæр мæ бон;
Метбурдæн нин æнæхъорæй
Æхгæнуй нæ над бунтон.
Рамæ марæ, фæд фесафтон;
Фæдздзæгъæл ан. Ци кæнæн!
Сау сайтан бæлвурд растæфтæн, –
Ниннин кодта, кæд, кæлæн.
Кæсай имæ, æрбагъузуй;
Думги хузи рагъазуй,
Нæ бæхтæ нин райахæссуй,
Тар мæскъæмæ сæ ’нхуæрсуй.
Уæйугæй æхе фейийвта, -
Мæ хуæд размæ фæллæудтæй.
Цæхæри хузæн ферттивта,
Фал мæйдари фæппæрт æй.
Мегъти тохæн, мегъти хилтæ...
Мæйи рохс – минæг, уæддæр
Баирд кодта мет-тъæфилтæ,
Арв лæкъун, æхсæвæ тар.
Нæбал хуæцунцæ нæ бæхтæ,
Нæ дзæнгæрæг æргъос æй.
Нæ фæндагбæл ци нисcагъд æй?
Цъæх берæгъ, æви фонс æй.
Ниннеуй уад æдзæлгъæдæй;
Бæхти хуррут тас хæссуй.
И сау сайтан таруг гъæди
Æ гури конд римæхсуй.
Бæхтæ бабæй рахуæстæнцæ,
Дзæнгæрæги зæл – мæтъæл.
Дзинтæ бабæй рагъазтонцæ
Метæй æмбæрзт рæгътæбæл?
Мæйи рохсмæ, о фудбæнттæ,
Нæбал син хъæртуй будур, –
Нибберæ ’нцæ сау сайтæнттæ,
Фæззигон сифтæй фулдæр...
Ка сæ соруй! Ци сæ гъæуй?
Сæ хæлхъой гъæр – тухдзурд æй.
Хингæнæг, кæд, киндзи цæуй,
Сæ бундор, кæд, низзилдæй?
Мегъти тохæн, мегъти хилтæ...
Мæйи рохс – минæг, уæддæр
Баирд кодта мет-тъæфилтæ,
Арв лæкъун, æхсæвæ тар.
Догъ кæнунцæ сау сайтæнттæ
Къуæрттæ-къуæрттæ агъудæй.
Ба мин састонцæ мæ зæрдæ
Сæ къес-къос æма ниудæй.

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службы Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 1212**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 05.06.2025.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 05.06.2025.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финсгæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**